



Chapit 3

Kò yon fanm ansent

Nan chapit sa a:

Ògan seksyèl ak ògan repwodiktif yon fi..... 27

Kòman fi vin ansent 29

Kòman pitit la devlope.....30 Menopòz31

Lè yon fi pa fètil.....30


KÒ YON FANM ANSENT

CHAPIT

3



Nan chapit sa a, nou dekri pati nan kò yon fi ki makonen ak sèks, gwosès, ak akouchman. Nou rele pati sa yo ògàn seksyèl oswa ògàn repwodiktif (ògàn ki pèmèt li fè pitit). Anplis, nou esplike fason yon fi vin ansent, ak fason kò l chanje pandan gwosès la.

Ògàn seksyèl ak ògàn repwodiktif yon fi




Basen


Zo ki anba vant lan rele basen an.



Basen an gen fòm yon bòl ki gen yon twou anba l.




Pandan akouchman an, pitit la pase nan twou sa a pou l soti deyò.




Matris, twonp, ak ovè

Matris la se yon mis ki gen anndan l vid. Li chita anndan basen an. Lè yon fi gen règ li chak mwa se nan matris la san an soti. Epi, matris la se kote pitit la devlope pandan gwosès la.



Matris la menm kote avèk vant fi a ansanm ak lòt ògàn yo.

Si w te ka wè matris la anndan yon fi, men ki jan l t ap ye:



Twonp
Twonp yo konekte matris la ak ovè yo

Kòl matris
Kòl matris la se pasaj kote matris la ouvri pou l rive nan vajen an. Nòmalman li fèmen epi li bouche ak glè.

Ovè
Ovè yo kenbe yon seri ti ze toupiti ki rele ovil. Yo konn rele yo tou semans fi a.


Vajen
Vajen an se pasaj ki ouvri sou deyò kò fi a. Pasaj sa monte nan kòl matris la ak matris la.

Kòman fi vin ansent

Anviwon yon fwa pa mwa, ovè fi a lage yon ti ze toupiti ki rele ovil. Ovil sa a desann nan twonp lan epi l ale nan matris la.




Gason yo fè anpil ti selil anndan testikil yo ki rele espèmatozoyid. Lè yon gason ejakile (voye), gen yon likid ki rele espèm (dechaj) ki soti nan peni l. Lè konsa gen plizyè milyon espèmatozoyid nan likid sa a ki soti.



Si yon gason ejakile anndan vajen yon fi pandan y ap fè sèks, selil espèmatozoyid yo ka pase nan vajen fi a, pase nan matris la, epi yo ale nan twonp li yo.

Si fi a ak gason an fè sèks nan peryòd nan mwa a lè ovil ki soti nan ovè fi a ap desann nan twonp lan, youn nan espèmatozoyid gason an ka kontre ak ovil fi a. Apre sa ze a ka plante anndan matris fi a. Lè sa rive, fi a vin ansent.



Chak mwa fi a pa vin ansent, san ki anndan matris la soti deyò anviwon 2 semèn apre li te fin lage ze a. Nou rele sa règ.


KÒMAN PITIT LA DEVLOPE

Aprè yon espèmatozoyid ak yon ze kontre nan matris yon fi, yo fòme yon gwoup selil ki multipliyè e ki devlope pou l fè yon pitit.


San manman an gen oksijèn ki soti nan lè l ap respire a, epi li gen nouriti (manje) ki soti nan bagay li manje yo. San l pote oksijèn ak nouriti sa yo pase nan plasenta a ak kòd lonbrik la pou l rive jwenn pitit la.

Pandan 3 premye mwa gwosès la, li difisil pou wè pa deyò si fi a ansent. Sepandan, anndan matris la, bebe a gentan ap fòme ògàn, zo, ak lòt pati nan kò l. Pandan premye

mwa sa yo sitou, li enpòtan anpil pou yon fi evite pwodui chimik ki danjere, medikaman ki pa nesèsè, ak alkòl (tafya). Tout bagay sa yo ka domaje pitit k ap devlope a. Toutotan pitit la ap grandi, matris la ap grandi tou. Manman an ka wè vant li ap gwosi, epi li ka santi matris la lè l mete men l sou vant li.




Lè yon fi gen anviwon 5 mwa gwosès, li ka santi tèt matris la nan nivo lonbrik li a.



Lè yon fi gen 9 mwa ansent li ka santi tèt matris la anba zo kòt li yo.

Men sa w t ap wè si w te ka wè anndan matris yon fanm ansent.



Anndan matris la, pitit la ap flote nan yon sak dlo ki rele dlo amnyotik. Kòd lonbrik la konekte pitit la ak plasenta a, epi plasenta a kole ak matris manman an pa anndan.

LÈ YON FI PA FÈTIL

Lè yon moun gen difikilte pou l fè pitit, nou konn di li pa fètill. Lè yon koup ta renmen gen pitit men yo pa kapab, sa ka bay tristès, kòlè, oubyen lawont.

Souvan se fi a yo repwòche lè l pa janm ka ansent. Menmsi toude moun yo chèche jwenn èd medikal, anpil doktè chwazi egzamine fi a sèlman pou l jwenn pwoblèm nan. Sepandan, anpil fwa se gason an ki pa fètill. Yo pa dwe repwoche ni gason an, ni fi a, pou pwoblèm pa ka fè pitit la. Anplis, yo toude bezwen sipò nan moman difisil sa a.



Gen anpil bagay ki ka lakòz yon moun pa fètil. Genyen nou pa ka evite. Men, gen anpil lòt nou ka evite. Pa egzanp:

- Maladi moun pran nan fè sèks ka kite sikatris anndan ògàn seksyèl yo, swa pa gason an swa pa fi a, epi sa lakòz yo pa ka fè pitit.
- Maladi tankou dyabèt (sik), tibèkiloz (TB), malarya, ak malmouton ka lakòz yon moun pa fètil.
- Pwodui chimik danjere ki nan pestisid, nan pwodui netwayaj, oswa nan pwodui yo itilize nan faktori ka nan lè moun respire a, nan dlo, oswa nan manje. Pwodui chimik sa yo ka lakòz yon fi vin gen difikilte pou l ansent, oswa yo ka domaje pitit k ap devlope a.
- Fimen, pran tabak, bwè anpil alkòl, pran dwòg, tout bagay sa yo ka nui kapasite yon moun genyen pou l fè pitit.



Menmsi se lave w lave rad sèlman ki gen pwodui chimik danjere sou yo, sa ka fè yon moun mwens fètil.

Gen lòt bagay ki ka lakòz yon moun pa fètil yo pa ka evite. Pou aprann plis, gade lòt liv medikal tankou liv ki rele ***Kote Fanm Pa Jwenn Doktè***.

MENOPÒZ

Lè medam yo kòmanse avanse nan laj, yo sispann gen règ chak mwa. Sa rele menopòz. Epitou, yo sispann pwodui ze, konsa yo pa ka ansent. Sa ka rive yon sèl kou, oubyen li ka rive ofiramezi pandan 1 oswa 2 an. Pifò fi fè menopòz lè yo gen ant 45 a 55 an.



Pandan menopòz, men siy ki konn parèt lakay anpil fi:

- Fason yo senyen pandan règ yo chanje; apre sa li rete nèt.
- Bridesoukou yo santi chalè epi y ap swè.
- Vajen yo vin pi piti epi li pi sèch.
- Bridesoukou santiman yo ka chanje.

Anpil fi santi yo soulaje lè yo pa gen pou yo ansent ankò. Antanke moun ki pi aje, medam sa yo ka pataje sajès ak eksperyans yo te fè nan lavi a avèk medam ki pi jèn yo.

Gason kontinye pwodui espèmatozoyid pandan prèske tout lavi yo, menm lè yo fin granmoun.